



Gid COVID-19 sou Sit Agrikòl:

KENBE YON MENDÈV KI ANSANTE

Sentòm nan COVID-19 ki pi komen yo se fyèv, tous, ak souf kout. Moun ki enfekte avèk COVID-19 ak sila yo ki demontre nenpòt nan sentòm sa yo pa ta dwe travay. COVID-19 pwopaje prensipalman nan kontak moun a moun e li kontajye anpil. Pou kenbe yon mendèv ki ansante, ou ta dwe devlope ak aplike yon plan pou pwoteje travayè yo ki sou sit agrikòl ou an. Tout règleman ak pwosedi ou mete anplas nan sit agrikòl ou an ou ta dwe kominike l bay travayè yo nan lang natif natal yo atravè afiche siy, rapèl vèbal, ak fòmasyon. Lis verifikasyon ki annaprè a gen entansyon pou ede w asire ou te aplike tout prekosyon nesèsè yo.

Kreye yon plan depistaj travayè pou sentòm COVID-19 lè yo rive nan travay la, sa ki gen ladan pran tanperati/siveye sentòm yo. (Sentòm yo gen ladan fyèv, tous, ak/oswa souf kout/difikilte pou respire, fatig, kò oswa misk fè mal, maltèt, nouvo pèt gou oswa sant, malgòj oswa vomisman dyare.)

Idantifye kimoun ki pral responsab pou teste travayè yo.

Idantifye kimoun ki pral kowòdone sit COVID-19 ki gen rapò avèk pwosedi ak aksyon yo. Sa gen ladan kowòdone gwoup travayè pozitif nan COVID-19 si travay la bay lojman, ou fèt pou bay detay nan sit spesifik sou kontak ki te ekspozé nan COVID-19 pou anplwaye ki gen rapò avèk sit la an relasyon avèk ka pozitif la(yo), detaye lokasyon karantèn/izolasyon si anplwaye a abite andeyò sit la, ak/oswa jere nenpòt prekosyon sou sekirite nan COVID-19 ke sit la te aplike.

Etabli rezon pou voye yon moun lakay li oswa mete l an izolasyon nan sit la (egzanp. Sila yo ki genyen en, de,oswa twa nan sentòm prensipal yo).

Kominike klèman plan w ak sentòm ou pral teste pou travayè yo.

Enfòm travayè yo ke yo dwe rete lakay oswa mete tèt yo an karantèn sou sit la si yap eksperimente sentòm sa yo.

Voye travayè ki montre sentòm COVID-19 oswa nenpòt lòt kritè ki spesifik a konpayi an.

Mande travayè yo pou enfòm sipèvizè yo imedyatman si yo kòmanse santi sentòm pandan yo nan travay.

Obsève travayè yo pou sentòm pandan yap rive nan travay ak pandan jounen an sizoka sentòm yo ta parèt.

Voye travayè ki gen sentòm yo lakay yo epi konseye yo pou rele founisè swen sante yo.

Yo afiche siy toupatou nan zòn kay ak saldeben ki fè tout anplwaye sonje pou yo kenbe yon distans sis pye youn de lòt, jan sa posib.

Sanitasyon & Ijyèn

Bon sanitasyon ak ijyèn pèsònèl ka ede diminye ekspozisyon nan COVID-19.

Ogmante netwayaj ak dezenfeksyon nan twalèt yo, zouti, ekipman, ak lòt zòn yo manyen anpil yo, sa ki gen ladan manch pòt/manch, wobinè dlo, chèz ban, tab, sifas travay, ak poubèl.

Asire kantite adekwat dlo, savon, ak sèvyèt pou jete pou lave men pi souvan.

Asire ke anplwaye yo swiv pwosedi netwayaj ak sanitasyon ki efektif epi itilize gan pwotektif ak pwoteksyon zye/figi (plak pwotèj pou figi ak/oswa linèt pwoteksyon) lè wap melanje espre, ak swiye avèk pwodui netwayaj likid, tankou deleye klwòks.

Mete estasyon dezenfeksyon pou men disponib lè sa posib.

Enstri travayè yo sou lave men (20 segonn avèk savon ak dlo).

Tout lavabo pou men yo gen savon, ak sèvyèt an papye, oswa yon aparèy apwouve pou seche men. Yo bay dlo cho ak frèt preferab. Yo bay respidan pou dechè nan fason ki apwopriye.

Akòde tan pou lave men pandan tout jounen an, sa ki gen ladan nan kòmansman, pandan, ak nan fen chif travay la, ak anvan ak apre poz pou repa.

Fè travayè yo itilize kouvèti jetab pou kouvri figi otan ke posib, lè li alafwa nan travay ak andeyò sit la.

Fè travayè a sonje pou l touse ak etènye nan koud yo ak evite pou pa manyen figi ak zye yo. Nenpòt fòmasyon ki gen rapò avèk COVID ta dwe enkli bon jan kalite etikèt respiratwa, sa ki gen ladan kouvri tous ak etènye ak pa manyen zye, nen, oswa bouch avèk men ki pa lave oswa gan.

Bay travayè yo enstriksyon pou yo pataje zouti ak ekipman ak/oswa pou dezenfekte yo ant itilizasyon yo.



Gid COVID-19 sou Sit Agrikòl:

KENBE YON MENDÈV KI ANSANTE

Distans Sosyal

Li enpòtan pou kenbe yon distans sosyal adekwat (**sis (6) pye**) pou ede redwi ekspozisyon pou sekirite tout moun.

Itiize yon adeziv mezi oswa baton mezi pou demontre distans sis pye a.

Evalye kantite travay la pou asire plas kote yo ka anpeche anplwaye yo konjesyone (zòn anrejistreman lè travay, zòn kote yo distribye bak rekòlt ak kontenè, kote yo paletize pwodui yo oswa mete yo nan charyo).

Enfòmè travayè yo pou evite salitasyon sosyal tankou bay lanmen, akolad, ak pwèn, koud; ankouraje jès ak souri pito.

Enfòmè travayè yo pou yo pa rasanble an gwoup laj andeyò sit la (egzanp. Rasanbleman sosyal/oswa relijiye).

Bay tan ak espas adekwat pou travayè yo anrejistre nan kòmansman chif travay la pandan yap kenbe yon distans sekirite youn de lòt.

Òganize reyinyon ak fòmasyon an ti gwoup kidonk travayè yo ka kenbe distans 6 pye ant youn lòt ak toujou tande konferansye a.

Lè li nan fèm nan, vèje, jaden rezen oswa anbalaj nan kay, chak travayè ta dwe toujou kenbe yon minimòm 6 pye youn de lòt.

Repati travayè yo ak nan ranje yo.

Ajiste kantite pwodui pou enspeksyon adekwat oswa triye avèk mens travayè anliy lan.

Bay espas pou pèmèt travayè yo kenbe yon distans a 6-pye de lòt moun pandan peryòd repo ak manje.

Kontwòl ak fè travayè yo sonje pou kenbe yon distans 6-pye pandan tout chif travay yo.

Pwotokòl yo anplas pou anpeche anplwaye yo regwoupe nan antre yo, sal repo, saldeben oswa zòn salamanje andedan yo.

Anpeche travayè ak vizitè yo pou yo pa rasanble otou veyikil yo, zòn estasyonman, lojman ak zòn trafik sou sit yo.

Sijasyon pou lòt pwoteksyon pou travay lè espas sis pye pa posib:

- Itilize baryè fizik ant travayè yo pou bloke transmisyon dirèk fasafas.
- Itilize vantilasyon negatif a presyon nan zòn respirasyon anplwaye nan lokasyon travay fiks yo.
- Founi ak enstore yon règleman mask pou figi (pwodui komèsyalman), tankou itilize mask jetab ki gen itilizasyon non-komèsyal avèk baryè fizik oswa kèk lòt kontwòl teknik.
- Entèdi ko-vwatiraj lè espas pasaje nan van oswa kamyon pa pèmèt distans sosyal ak mete aksan sou enpòtan distans sosyal deyò travay la

Kontinwite plan biznis yo se yon pati enpòtan nan repons a COVID-19 pou yon fèm. Ekstansyon Inivèsite Maryland te devlope yon "Enfòmasyon ak modèl plan kontinwite aktivite agrikòl yo" ke yo ka itilize pou devlope yon plan spesifik pou fèm ou ke ou ka jwenn nan https://extension.umd.edu/sites/extension.umd.edu/files/_docs/articles/Farm%20Business%20Continuity%20Plan%20Information%20and%20Template.pdf.

Konsèy adisyonèl sou operasyon agrikòl CDC

Gid Kominotè Agrikòl DCD

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-agricultural-workers.html>

Resous ak Zouti CDC (Plizyè Lang)

https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC_2067-DM30162

Resous Enprime CDC, Siy ak Enfografik

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/communication/print-resources.html?Sort=Date%3A%3Adesc>

Kontwòl Lis Verifikasyon ak Evalyasyon Anplwayè Agrikòl CDC

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/pdf/Agricultural-Employer-checklist.pdf>